

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé, basa dipaké patali marga papada manusa. Patali marga dina basa téh hakékatna mah nepikeun jeung narima wawaran nu mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang anu ilahar disebut komunikasi. Humor dina basa Sunda aya nalika komunikasi anu nimbulkeun rasa lucu atawa pikaseurieun. Sakumaha nu ditétélakeun ku Sudaryat (2016a, kc. 60) makéna basa Sunda boh lisan boh tulis bisa lumangsung dina kedaling biasa, kedaling humoris, bisa kedaling campuran duanana. Ku lantaran wacana humoris diwujudkeun dina wangun paguneman, nya munasabah lamun ébréh dina polah ucapna.

Humor sakapeung nyalahan atawa nyimpang tina aturan prinsip pragmatik nu aya, saperti prinsip kasopanan jeung prinsip gawé bareng nu ngabalukarkeun komunikasi jadi teu lancar (Firmansyah, 2011, kc. 3). Antukna loba hal nu pikaseurieun dina komunikasi téh, nu mangrupa hasil tina ngarempak prinsip kasopanan jeung prinsip gawé bareng nu miboga maksud ngarah ngabébaskeun komunikasi tina beban kaseriusan. Dina komunikasi teu salilana matuh kana prinsip-prinsip pragmatik nu aya, sakapeung manusa nyalahan atawa nyimpang tina aturan pragmatik, éta hal biasana dilakukeun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu. Penyimpangan prinsip-prinsip pragmatik éta dimangpaatkeun pikeun ngahasilkeun banyol atawa nu disebut humor. Nurutkeun Wijana dina Nadar (2009, kc. 26) sangkan prosés komunikasi lumangsung lancar perlu ayana gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa. Sangkan maham jeung gawé bareng, perlu ayana prinsip-prinsip dina polah ucap.

Dina salah sahiji *postingan* akun resmi *Instagram* kapaluruh ayana maksim kasaluyuan. Maksim kasaluyuan (*maxim of relevance*) meredih sangkan omongan panyatur kudu luyu atawa relevan jeung pasualan anu dicaritakeun.

Bébén : “Dokter pulpen abi kateleg ku adi, naon anu kudu ku urang dilakukeun?”

Dokter : “Nya paké heula wé patlot sateuacan abi datang kadinya mah.”
(<https://www.instagram.com/p/BmXSYLhBzso/?igshid=10d7mnwh0ahhs>)

Dina polah ucap di luhur, ébréh maksim kasaluyuan lantaran dina maksim kasaluyuan kudu méré kontribusi anu rélevan jeung pasualan anu keur diomongkeun. Dialog di luhur nyaéta paguneman Bébén jeung Dokter. Upama dokter salaku pamiarsa nu kooperatif, maka teu layak ngaganti pulpen jadi patlot ku sabab lain éta maksud pertanyaan ti panyatur. Ayana penyimpangan prinsip pragmatik di luhur ngabalukarkeun ayana unsur humor atawa pikaseurieun.

Élmu pragmatik salaku péso panalungtikan lantaran maluruh sagala hal kaasup struktur basa salaku alat komunikasi antar panyatur atawa mitra tutur ogé salaku acuan tina tanda-tanda basa nu sipatna ékstralinguistik. Wanda, prinsip jeung daya humoris dijadikeun bahan analisis dina ieu panalungtikan lantaran dina objék réa pisan ucapan anu ngandung humor.

Basa geus nimbulkeun pangaruh nu gedé dina widang filsafat atawa linguistik. Basa mangrupa alat komunikasi manusa. Nurutkeun Austin dina Cummings (2007, kc. 8) salasahiji tujuan makéna basa téh nyaéta ngalakukeun hiji pagawéan ngaliwatan ujaran kontrasitif jeung ujaran performatif. Tuluy Austin ngaklasifikasikeun tindak tutur jadi tilu bagian nyaéta tindak lokusi, ilokusi, jeung perlokusi. Luyu jeung naon nu ditétélakeun ku Yule (2014, kc. 83) tindakan nu ngahasilkeun tuturan bakal ngandung tilu tindakan nu silih patali, nyaéta tindak lokusi, tindak ilokusi, jeung tindak perlokusi.

Makéna basa salaku alat komunikasi miboga kaédah-kaédah nu kudu dilarapkeun ku panyatur atawa lawan tutur. Dina aktivitas makéna basa, panyatur sadar ayana kaédah nu ngatur tindakan, makéna basa, jeung interpréstasi-interpréstasi kana tindakan jeung ucapan lawan tuturna. Ku kituna, antara panyatur jeung mitra tutur kudu maham jeung gawé bareng sangkan komunikasi jadi lancar. Sangkan maham ayana prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan dina polah ucap nu perlu dilarapkeun. Éta dua prinsip téh mibanda maksim séwang-séwangan, prinsip gawé bareng miboga opat maksim sarta prinsip kasopanan miboga genep maksim (Leech, 1993, kc. 206).

Munculna humor pasti aya sababna, aya hiji hal atawa kakuatan nu matak nyieun pikaseurieun nu disebut daya humoris. Daya humoris museur kana kakuatan wacana atawa tuturan basa Sunda dina nyieun hal anu pikaseurieun, seuri leutik, sempal guyon, ogé bobodoran. Daya humoris raket patalina jeung

métafora, nyaéta babandingan hiji hal jeung hal liana nu bisa ngabalukarkeun hal nu pikaseurieun. Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta maluruh wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, sarta daya humoris nu nyampak dina akun resmi *instagram* @kangcartoon.

Akun resmi *Instagram* @kangcartoon miboga prinsip pragmatik dina wangun interpersonal nyaéta paguneman jalma dina *postingan* akunna. Paguneman dina *postingan* akun @kangcartoon réa diseselan bobodoran anu sipatna aya di sabudeureun kahirupan manusa, bobodoran @kangcartoon ieu miboga ciri khasna sorangan anu mangrupa animasi kartun jalma nu keur paguneman nu diseselan ku bobodoran, teu siga jaman kaayeunakeun anu eusi bodoranana pinuh ku sarkasmeu atawa ngritik fisik manusa. Akun resmi *Instagram* @kangcartoon salah sahiji inovasi anyar dina wangun video cartoon ngeunaan bobodoran atawa humor nu ngagunakeun basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan polah ucap geus kungsi dilaksanakeun, di antarana waé panalungtikan nu dilakukeun ku Arifin (2016) nu medar ngeunaan sababaraha palanggaran prinsip gawé bareng balukar ayana éfék humor dina wacana humor polisi jeung tentara. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun ayana wacana nu ngarempak kana prinsip gawé bareng maksim kualitas, kuantitas, cara jeung rélevansi. Sarta ayana genep hal nu dirempak dina prinsip kasopanan nyaéta kawijaksanaan, handap asor, pangcocog, katumarima, kasimpat, jeung balabah. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Pratiwi, spk. (2016) anu medar ngeunaan ilokusi jeung perlokusi dina tayangan Indonesia Lawak Klub. Dina éta panalungtikan nétélakeun dialog lawakan nu digunakeun ku panyatur dina tayangan Indonesia Lawak Klub loba kapaluruh dialog nu teu luyu tina bahasan diskusi. Éta hal ku sabab ayana wanda ilokusi jeung perlokusi dina dialog lawakan Indonesia Lawak Klub nu mampuh nyieun ma'na-ma'na séjén nu diimajinasikeun ku kalimah-kalimah panyatur.

Panalungtikan ngeunaan polah ucap humoris téh lain perkara anyar. Aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan polah ucap dina naskah drama, karangan, buku, jeung sajabana. Saméméhna kungsi aya nu ngulik perkara polah ucap humoris, di antarana waé nu ditalungtik ku Sri Veni Oktaviani (2018) ngeunaan *Polah Ucap Humoris dina Drama Juragan Hajat*

Karya Kang Ibing Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama Kelas XI (Ulikan Pragmatik) anu medar wanda, prinsip, jeung fungsi polah ucap humorisna jeung nu ditalungtik ku Farid Rizki Maulana (2019) *Tindak Tutur Humoris dina Naskah Drama Longsér “Nu Garering” Karya Dhipa Galuh Purba (Ulikan Sosiopragmatik)* anu maluruh daya humoris, prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan, pola interaksi, sarta kontéks situasi nu aya dina naskah drama longsér “Nu Garering”.

Aya sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun saacanna. Sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Oktaviani (2018) nyaéta sarua medar ngeunaan wanda polah ucap nyaéta lokusi, ilokusi, jeung perlokasi. Ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Maulana (2019) sarua palebah analisis prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Sanajan ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna, tapi dina ieu panalungtikan aya bédana. Dina ieu panalungtikan digunakeun objék garapan anu béda, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta akun resmi *instagram* dina internét. Ari pangna dipilih média akun *instagram*, lantaran ieu média sipatna *universal* tur kiwari pohara dipikaresepna (Sakti & Much, 2018, kc. 2). Salian ti wanda jeung prinsip polah ucap nu dipaluruh, ayana daya humoris nu dipaluruh nu nyieun panalungtikan ieu béda jeung nu saacanna.

Ieu panalungtikan penting pikeun mikanyaho wanda, prinsip jeung daya humoris nu nyampak dina akun resmi *instagram* @kangcartoon. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan wanda, prinsip, jeung daya humoris dina polah ucap humoris nu aya dina média sosial anu kiwari gedé pangaruhna pikeun kahirupan. Jadi, aya sababaraha hal nu can kungsi ditalungtik panalungtik saméméhna nyaéta wanda jeung prinsip polah ucap dina media sosial sarta ayana daya humoris anu dipaluruh. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Polah Ucap jeung Daya Humoris dina Akun Resmi *Instagram* @kangcartoon” masih perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar di luhur, anu jai masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Wanda polah ucap naon waé nu aya dina akun resmi *instagram* @kangcartoon?
- b. Prinsip gawé bareng jeung kasopanan naon waé dina akun resmi *instagram* @kangcartoon?
- c. Daya humoris naon waé nu aya dina akun resmi *instagram* @kangcartoon?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun polah ucap jeung daya humoris dina akun resmi *instagram* @kangcartoon.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- a. wanda polah ucap nu aya dina akun resmi *instagram* @kangcartoon;
- b. prinsip gawé bareng jeung kasopanan nu aya dina akun resmi *instagram* @kangcartoon; jeung
- c. daya humoris nu aya dina akun resmi *instagram* @kangcartoon;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna nyaéta pikeun nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang pragmatis utamana ngeunaan polah ucap jeung daya humoris basa Sunda sarta pikeun acuan panalungtikan satuluyna dina widang pragmatik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan boga opat mangpaat praktis, nyaéta pikeun panalungtik, guru, siswa, jeung nu maca.

- a. Pikeun panalungtik, ieu hasil panalungtikan téh bisa ngeuyeuban pangaweruh sarta pangalaman anu kacida gedéna hususna dina ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan polah ucap jeung daya humoris.
- b. Pikeun guru, ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi référénsi dina ulikan pragmatik hususna polah ucap jeung daya humoris basa Sunda.

- c. Pikeun siswa, ieu hasil panalungtikan téh bisa méré informasi ngeunaan polah ucap jeung daya humoris basa Sunda.
- d. Pikeun nu maca, ieu hasil panalungtikan téh bisa méré déskripsi polah ucap jeung daya humoris dina akun resmi *instagram* @kangcartoon minangka kabeungharan pangaweruh basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina nyaéta tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan. Medar ngeunaan pragmatik, polah ucap, jeung daya humoris, sarta panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu ngawengku méthode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusi dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil panalungtikan anu ngajelaskeun ngeunaan hasil analisis.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Saran mangrupa pangdeudeul tina hasil panalungtikan pikeun nu maca ieu panalungtikan.